

Pou Piblikasyon Imedya: 31/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA POU ANPECHE DISTRIK ESKOLÈ YO
AME PWOSESÈ YO EPI ETABLI RÈGLEMAN ATRAVÈ ETA A POU PWOGRAM
RACHA ZAM YO**

***S.101A/A.1715 Ap Limite Kapasite Enstitisyon Edikatif yo genyen pou yo Otorize
Posesyon Zam sou Pwopriyete Lekòl yo***

***S.2449/A.2685 Ap Pase Lapolis Eta a Enstwiksyon pou yo Etabli Règleman Atravè
Eta a pou Retire yon Fason Sekirize Zam Ki Ilegal, Ki Pa Sekirize, Ki Abandone
oswa Ke Yo Pa Vle yo***

***Gouvènè Cuomo: "Repons pou epidemi vyolans ak zam ki ap afekte peyi sa a pa
te janm epi li pa pral janm plis zam, epi jodi a nou ap elaji lwa sou sekirite zam
yo ke New York genyen ki ap mennen nan nasyon an pou pwoteje timoun nou yo
pi plis. Mezi sa yo pral ede ralanti pwoliferasyon zam yo nan kenbe zam ki pa
nesesè yo deyò zòn lekòl yo epi ede asire ke zam ki ilegal epi ke moun pa vle yo
tonbe nan men moun ki danjere yo".***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a pwojè lwa ki ap limite kapasite yon enstitisyon edikatif genyen pou yo otorize nenpòt moun ki pa prensipalman anplwaye kòm yon ofisye resous eskolè, ofisye fòs lapolis, oswa gadyen sekirite yo pou pote yon zam sou pwopriyete lekòl yo (S.101/A.1715), epi pase Lapolis Eta a enstwiksyon pou yo etabli règleman atravè eta a ki vize ranfòse pwogram racha zam aktyèl yo epi kreye nouvo pwogram pou retire yon fason sekirize zam ki ilegal, ki pa sekirize, ki abandone oswa ke yo pa vle yo (S.2449/A.2685). Pwojè lwa sa a ap ajoute sou lwa sou zam ke New York genyen ki pi djanm nan nasyon an, ki gen pami yo [Pwojè Lwa Siyal Alam lan \(Red Flag Bill\)](#) ke yo te siyen an Fevriye epi ki ap anpeche moun ki montre siy ke yo se yon menas pou tèt yo ak pou lòt moun yo achte oswa posede zam, ak [pwojè lwa](#) ke Gouvènè Cuomo te siyen nan dat 29 Jiyè ki ap pwolonje peryòd atant pou verifikasyon antesedan yo epi entèdi bump stock yo, ak [pwojè lwa](#) ke yo te siyen ayè a ki ap entèdi zam ki endetektab yo epi elaji lwa sou estokaj an sekirite pou zam yo pou pwoteksyon timoun yo.

"Repons pou epidemi vyolans ak zam ki ap afekte peyi sa a pa te janm epi li pa pral janm plis zam, epi jodi a nou ap elaji lwa sou sekirite zam yo ke New York genyen ki ap mennen nan nasyon an pou pwoteje timoun nou yo pi plis", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mezi sa yo pral ede ralanti pwoliferasyon zam yo nan kenbe zam ki pa nesèsè yo deyò zòn lekòl yo epi ede asire ke zam ki ilegal epi ke moun pa vle yo tonbe nan men moun ki danjere yo."

"Vyolans ak zam ki san sans ak sa òrib yo ap kotninye fè enpak sou timoun yo ak fanmi yo atravè nasyon an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nan New York,

nou fyè pou nou dirije nasyon an ak mezi sou sekirite pou zam yo ki gen bon sans pou pwoteje moun New York yo. Pwojè lwa sa a pral anpeche pwofesè yo pote zam epi li ap etabli pwogram racha zam yo pou pa kite zam antre sou pwopriyete lekòl yo epi asire pwoteksyon jèn moun yo. Pandan ke gouvènman federal la vire do li bay vyolans ak zam yo ak prevansyon, nou pran angajman pou nou evite trajedi yo epi sove lavi."

Anpeche Distrik Eskolè yo Ame Pwofesè yo

Fas a kantite fiziyad mòtèl nan lekòl yo ki ap ogmante epi ki ap rive toupatou nan nasyon nou an, anpil moun te sigjere pou ke pwofesè ak lòt anplwaye lekòl yo ta dwe pran fòmasyon epi ame yo pou ede redwi epi anpeche fiziyad fiti nan lekòl yo, menm si pwofesè atravè nasyon an pa't apwouve lide pou pote zam yo. An plis, entwodiksyon zam nan lekòl yo ta ka kreye potansyèl pou gen fiziyad aksidantèl oswa lòt zak vyolans yo. Pwojè lwa sa a ap estipile ke enstitisyon edikatif yo pa ka bay yon otorizasyon alekri pou pote yon zam pou nenpòt anseyan, pwofesè, administratè oswa lòt moun ki pa prensipalman anplwaye kòm yon ofisyè resous nan lekòl yo, ofisyè fòs lapolis yo oswa gadyen sekirite yo. Pwojè lwa a ap antre an vigè touswit.

Senatè Todd Kaminsky te deklare, "Pandan ke plizyè santèn distrik ki toupatou nan peyi a te decide ame pwofesè yo an repons a fiziyad masif yo, nan New York, nou di, 'pa isit la'. Li danjere pou nou ame pwofesè ki nan sal klas yo epi li retire fokis nou sou retire zam yo nan men sila yo ki pa ta dwe genyen yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li siyen dokiman pwojè lwa vital sa a -- sekirite timoun nou yo pa mande mwens ke sa".

Manm Asanble a Judy Griffin te deklare, "Lè nou ame pwofesè yo ak zam sa kapab sèlman pote trajedi adisyonèl. Pandan ke nou pral toujou sonje viktim Sandy Hook Elementary School, Newtown, ak Marjory Stoneman Douglas High School, Parkland, pwojè lwa sa a ap asire ke pwofesè yo pral gen fado pou chwazi ant pwoteje elèv yo oswa tèt yo kont yon moun vyolan ki ap tire. Mwen fyè pou mwen entwodwi pwojè lwa sa a nan Asanble Eta New York lan epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li siyen li pou vin lwa pou ke timoun Eta New York yo pral kapab aprann nan yon anviwònman ki sekirize san menas konsekans ki pa entansyonèl yo akoz yon zam ki nan sal klas yo".

Règleman Atravè Eta a pou Pwogram Racha Zam yo

Genyen anpil pwogram racha zam ki diferan atravè eta a ki ap pèmèt moun yo remèt zam ki ilegal, ki pa sekirize, ki abandone oswa ke yo pa vle yo. Pandan ke pwogram sa yo ap ogmante nan popilarite, yo aktyèlman manke yon seri estanda ki konsistan epi yo pa rive tout kote nan Eta a. Pwojè lwa sa a ap òdone Lapolis Eta a travay ansanm ak Depatman Eta a (Department of State) pou etabli règleman pou pwogram racha zam yo pou ke tout pwogram racha zam yo atravè eta a fonksyone konstaman ak pi bon pratik ki inifòm yo, epi ke pwogram sa yo ap reyalize nan chak konte ki nan eta a. Estanda sa yo pral ede asire ke pwogram racha zam yo akonpli objektif yo mansyone pou redwi pwoliferasyon zam yo nan katye nou yo epi ke pwogram yo aksesib fasilman pou popilasyon an. Pwojè lwa a ap antre an vigè 180 jou apre li vin lwa.

Senatè Shelley B. Mayer te deklare, "Mèsi Gouvènè Cuomo poutèt ou ap kontinye ak lidèchip New York nan siyen dokiman lwa sou sekirite pou zam yo ki gen bon sans sa yo. S.101A ap klarifye ke sèlman pwofesyonèl fòs lapolis ki fòme yo ka pote zam sou pwopriyete lekòl yo, sa ki ap asire ke alafwa elèv ak pèsònèl lekòl yo an sekirite nan

lekòl nou yo. Yon dokiman ke mwen te sipòte, S.2449, ke yo rele Dokiman Lwa sou Racha Zam yo (Gun Buyback Bill), pral otorize pwotokòl atravè eta a pou pwogram ki pou ankouraje remiz zam ilegal yo. Nou ap bay kredi a Jimmy Nolan ki soti Yonkers, ki te pouse dokiman lwa sa a an onè a frè li Michael ki te mouri, ak Depatman Lapolis Yonkers lan poutèt lidèchip yo nan redwi vyolans ak zam yo apati apwòch ki entelijan epi ki efikas tankou sa yo".

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Pwogram racha zam yo fonksyone. Lè nou bay moun yo yon opòtinite san poze kesyon pou yo remèt zam yo sa te ede redwi drastikman kantite zam legal ak zam ilegal ki ap sikile nan lari nou yo, sa ki ap fè kominote ak lekòl nou yo vin pi sekirize. New York gen lwa sou zam yo ki pi djanm nan rejis yo, epi lè nou estandarize pwogram racha zam yo atravè eta a sa pral ede asire ke chak konte ap mete sou pye metòd ki fè prèv yo pou kapab retire plis zam nan lari nou yo".

Rebecca Fischer, ki se Direktris Egzekitif NYAGV, te deklare, "Timoun nou yo merite lekòl ak katye ki sekirize. Li esansyèl pou nou retire zam nan sal klas nou yo ak nan lari nou yo pou avni timoun nou yo, edikatè nou yo, ak kominote nou yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li siyen dokiman lwa sa yo ak lejislatè New York nou yo poutèt yo te adopte mezi sekirite pou zam ki gen bon sans sa yo".

Nico Bocour, ki se Direktè Lejislatif Eta a, Giffords, te deklare, "Yon avni ki pi sekirize pou fanmi nou yo mande kouraj, fòs ak rekonesans ke kriz vyolans ak zam nan nasyon nou an mande pou nou pran mezi. Ak pwojè lwa sa a, Gouvènè Cuomo ak Kò Lejislatif New York lan ap vanse nan yon fiti kote elèv nou yo sousye pou tès matematik yo, men pa egzèsis kouvrefe yo epi kote zam yo pa tonbe nan men moun ki danjere yo. Nou bat bravo pou yo poutèt angajman yo pran pou pran mezi ki ap sove lavi moun nan abòde pwoblèm kriz vyolans ak zam yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)